

### Kimoun ki ka aplike

Ou ka kalifye pou DHE si total lè w mete ansanm revni anyèl pwopriyete yo ak konjwen yo se \$58,399 oswa mwens epi tout pwopriyete yo se moun ki andikape. (Si pwopriyete yo se konjwen oswa frè/sè, sèlman yonn dwe gen yon andikap.) Gen kèk eksepsyon, men pwopriyete a dwe se rezidans prensipal tout pwopriyete yo.

**Dat limit:** 15 Mas. (Si 15 Mas la tonbe nan yon jou wikenn oswa yon jou ferye, dat limit lan se ap pwochen jou travay la.)

**Fason pou jwenn èd:** Vizite [www.nyc.gov/contactpropexemptions](http://www.nyc.gov/contactpropexemptions) oswa rele 311.

### Fason pou aplike

Soumèt tout sa ki annapre yo:

- ☐ Yon aplikasyon ki ranpli nèt
- ☐ Prèv andikap ak revni, jan sa dekri nan "Seksyon 5: Dokiman ki Obligatwa."
- ☐ Nenpòt lòt dokiman ki obligatwa parèt nan lis ki nan "Seksyon 6: Dokiman Anplis."

### Voye aplikasyon w lan ak dokiman yo pa lapòs nan:

New York City Department of Finance, Homeowner Tax Benefits, P.O. Box 311, Maplewood, NJ 07040-0311

### Seksyon 1: Enfòmasyon Sou Pwopriyete A

|                                                     |                 |                 |
|-----------------------------------------------------|-----------------|-----------------|
| AWONDISMAN:                                         | BLÒK:           | LO:             |
| NIMEWO KAY AK RI:                                   |                 | NIMEWO APATMAN: |
| VIL:                                                | ETA:            | KÒD POSTAL:     |
| ADRÈS POSTAL (SI LI PA MENM AK ADRÈS PWOPRIYETE A): |                 |                 |
| NON MOUN POU KONTAKTE:                              | NIMEWO TELEFÒN: | IMÈL:           |

### Kalite pwopriyete:

- ☐ Kondominyòm   ☐ Kowoperativ   ☐ 1 - rive 3-kay pou fanmi   ☐ 4+ kay pou fanmi oswa lòt

Si kay ou a gen kat pyès oswa plis, antre pousantaj espas ki itilize ki itilize kòm rezidans prensipal ou: \_\_\_\_\_%

Èske gen kote sou pwopriyete w la ki itilize pou fè komès? ☐ Wi ☐ Non

Si wi, antre ki pousantaj ki itilize pou fè komès \_\_\_\_\_%

|                                                                                                                                              |                                                                                                                                                                                                          |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Èske pwopriyete a fè pati yon fidisi, sa gen ladann yon fidisi pou bezwen espesyal? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | Èske w te resevwa pwopriyete sa a atravè yon testaman? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non                                                                                          |
| Èske genyen yon lokasyon pou dire lavi sou pwopriyete a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non                            | Èske gen yon timoun (sa gen ladann lokatè yo) rezide sou pwopriyete a epi frekante lekòl piblik nan klas preskolè (Pre-K)- rive nan 12yèm Klas? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |

|                                                                                                                                                                                                   |                                                                                                  |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Èske gen yonn nan pwopriyete yo ki gen yon lokatè ki andikape kote kontra lokasyon yo a ba yo yon enterè pou dire lavi nan propriyete a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non | Si wi, bay non ak nimewo sekirite sosyal (SSN) lokatè ki andikape a.<br>Non: _____<br>SSN: _____ |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------|

Seksyon 2: Enfòmasyon Pwopriyetè a (yo)

Fè yon lis tout pwopriyetè yo jan sa parèt sou ak oswa sètifika antanke aksyonè a

| NON PWOPRIYETÈ A | DAT NESANS | # SSN OSWA ITIN | #TELEFÒN |
|------------------|------------|-----------------|----------|
| 1                |            |                 |          |
| 2                |            |                 |          |
| 3                |            |                 |          |
| 4                |            |                 |          |

Koche ti kare ki anba yo si:

|                                                |                                       |                                       |                                       |                                       |
|------------------------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|---------------------------------------|
| Ou gen yon andikap.                            | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 1 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 2 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 3 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 4 |
| Pwopriyete sa a se rezidans prensipal ou.      | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 1 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 2 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 3 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 4 |
| Ou marye ak yon lòt pwopriyetè espas la.       | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 1 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 2 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 3 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 4 |
| Ou se frè oswa sè yon lòt pwopriyetè espas la. | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 1 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 2 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 3 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 4 |
| Ou posede lòt pwopriyete anplis.               | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 1 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 2 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 3 | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè 4 |

☐ Koche ti kare sa a si gen yon fanmi oswa responsab legal ki anchaj biznis pwopriyetè a. Ajoute enfòmasyon yo mande a nan seksyon sa a pou fanmi oswa responsab legal la.

Èske gen moun lakay ou ki te janm sèvi, oswa èske y ap sèvi kounye a, nan Fòs Lane Ameriken yo, Gad Nasyonal, oswa Rezèv? Tanpri chwazi nenpòt sa ki apwopriye a:

☐ Pèsonèl ☐ Konjwen/Patnè ☐ Pitit ☐ Lòt (ekri) \_\_\_\_\_

Seksyon 3: Revni

Fè estimasyon total lè w mete revni tout pwopriyetè yo ak konjwen yo ansanm pou ane anvan ane pase a. Ou ka itilize done nan lajan ki tounen pou taks nan eta ou ye a oswa federal, oswa ajoute revni ki soti nan sous ki te dekri nan seksyon 5lan.

**Ou dwe antre yon nimewo nan ti kare sa a ►**

Seksyon 4: Sètifikasyon (Tout pwopriyetè yo dwe siyen.)

Mwen sètifye ke tout enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a se laverite epi kòrèk dapre sa mwen konnen. Mwen sètifye ke mwen p ap resevwa yon egzonerasyon pou taks sou pwopriyete nan okenn lòt pwopriyete mwen posede, sa gen ladann pwopriyete ki pa nan New York City.

Mwen konprann ke enfòmasyon sa a ka sibi odit e si Depatman Finans (Department of Finance) lan kenbe m nan fè fo deklarasyon, mwen ka pèdi avantaj mwen tapral jwenn yo e m ap responsab pou tout chaj ak penalite ki aplikab. Mwen konprann ke mwen oblije fè Depatman Finans lan konnen nenpòt chanjman ki ta ka afekte kalifikasyon m pou avantaj sa a. Mwen konprann Depatman Finans lan kapab verifye revni mwen an.

| Non | Siyati | Dat |
|-----|--------|-----|
|     |        |     |
|     |        |     |
|     |        |     |
|     |        |     |

## Seksyon 5: Dokiman ki Obligatwa

### Prèk Andikap

Bay yon kopi yonn nan sa ki annapre yo pou chak pwopriyete.

Lèt ki di ou andikape ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal, Konsèy Retrèt Wout Ray, oswa Sèvis Lapòs Etazini; yon sètifika ki soti nan Komisyon pou Avèg Eta New York; yon òdonans ki soti nan men prezidan Konsèy Konpansasyon pou Travayè yo k ap detèmine si y ap bay konpansasyon pou andikap total pèmanan oswa andikap pasyèl pèmanan; oswa yon lèt Administrasyon Ansyen Konbatan ki di ou gen dwa pou jwenn yon pansyon pou ansyen konbatan ki andikape.

### Prèk Revni

Bay yon kopi nan sa ki annapre yo pou tout pwopriyete yo ak konjwen yo pou ane 2023.

- Deklarasyon taks sou revni federal oswa nasyonal anvan ak tout orè yo ak 1099 yo. Si w te resevwa distribisyon IRA oswa distribisyon nan yon plan pèman retrèt endividyal, ou ka retire montan y ap pran taks sou li a nan revni global ou ki ajiste a nan objektif pou detèmine kalifikasyon w pou avantaj yo. Tanpri mete nenpòt dokimantasyon ki enpòtan, sa gen ladann fòm 1099-R yo, men se pa sa sèlman.
- Oswa, pou pwopriyete yo oswa konjwen yo ki pat depoze yon deklarasyon taks federal oswa nan eta yo ye a, soumèt kopi tout sous revni yo, sa gen ladann sa yo ki nan lis pi ba a.
  - Salè.
  - Pèman SSDI.
  - Revni nan biznis.
  - Avantaj chomaj.
  - Pèman pansyon.
  - Konpansasyon pou travayè.
  - Avantaj Sekirite Sosyal.
  - Salè IRA.
  - Revni lokatif.
  - Pèman SSI.
  - Salè pèman lajan asirans.
  - Enterè.
  - Pwofi sou kapital.

## Seksyon 6: Dokiman Adisyonèl (Tcheke tout sa ki aplikab.)

Si pwopriyete a fè pati yon fidisi, sa gen ladann yon fidisi pou bezwen espesyal:

Soumèt yon kopi tout akò fidisi a.

Si pwopriyete a te vin jwenn mèt li pa mwayen yon testaman:

Soumèt yon kopi dènnye volonte a ak testaman an oswa omologasyon an oswa òdonans tribinal.

Si yon pwopriyete non l parèt sou ak la mouri:

Soumèt yon kopi sètifika desè a.

Si yon pwopriyete ap viv aplentan nan yon etablisman swen sante rezidansyèl:

Soumèt yon lèt ofisyèl ki soti nan etablisman an ki gen ladann pri swen yo pou ane ou bay revni pou li a.

Si yon pwopriyete posede pwopriyete adisyonèl (nan NY oswa lòt kote):

Bay enfòmasyon ki annapre yo pou chak pwopriyete: adrès, awondisman-blòk-nimewo lo, ak nenpòt egzonerasyon taks pou pwopriyete ou resevwa.

Si yon pwopriyete non l parèt sou ak la ap viv yon lòt kote:

Soumèt dokimantasyon legal pou divòs, separasyon, oswa abandon.

Si genyen yon lokasyon pou dire lavi sou pwopriyete a, oswa si yonn nan pwopriyete yo gen yon lokatè ki andikape kote kontra lokasyon yo a ba yo yon enterè pou dire lavi nan pwopriyete a:

Soumèt yon kopi lokasyon pou dire lavi a oswa dokimantasyon sou enterè pou dire lavi a.

\*Ou dwe bay nimewo Sekirite Sosyal ou oswa ITIN, si w genyen yon nimewo konsa, pou ou aplike pou egzonerasyon taks sou pwopriyete a. Nou mande enfòmasyon sa yo pou asire dosye nou yo kòrèk, epi pou asire ou bay enfòmasyon ki egzat. Nou gen dwa pou mande enfòmasyon sa yo ki endike nan Seksyon 11-102.1 Kòd Administratif la.

Si akòz yon andikap ou bezwen yon aranjman pou ou ka aplike pou yon sèvis ak pou ou resevwa yon sèvis oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram Depatman Finans lan ofri, tanpri kontakte Fasilitatè Sèvis pou Andikap la nan [www.nyc.gov/contactdofeeo](http://www.nyc.gov/contactdofeeo) oswa rele 311.